दिन–गुरूवार दिनांक–11.06.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे वैश्विक अनिश्चितता तथा अस्थिरताक काल मे सेहो भारत आत्मविश्वास आ दृढ़ संकल्पक संग विकासक पथ पर अग्रसर अछि। श्री मोदी नव दिल्ली मे राष्ट्रपति भवन मे नीति आयोगक एगारहम शासी परिषदक बेसारक अध्यक्षता करैत ई बात कहलनि। प्रधानमंत्री कहलनि जे जेना–जेना भारत विकसित भारतक लक्ष्य दिस अग्रसर भऽ रहल अछि, ओना–ओना केन्द्र आ राज्य सरकारक सामूहिक जिम्मेदारी बढ़ल जाइत अछि आ नीति आयोग राज्यक बीच सहयोग संवाद तथा विचारक आदान–प्रदान मे महत्वपूर्ण भूमिका निभा सकैत अछि। बैसार मे बिहारक मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी समेत सभ राज्यक मुख्यमंत्री सम्मिलित भेलाह।

---

बिहार विधान परिषदक दस सीट लेल सभ उम्मीदवार निर्विरोध निर्वाचित भेलाह। द्विवार्षिक चुनावक अंतर्गत नओ आ एक सीटक उपचुनाव लेल नामांकन वापसीक समय सीमा समाप्त भेलाक बाद आइ सभ उम्मीदवार के निर्विरोध निर्वाचनक घोषणा भेल। भाजपा सँ भोजपुरी सिनेमाक अभिनेता पवन सिंह, संजय मयूख, अनिल कुमार ठाकुर आ शीला पंडित के जीत भेटल। ओतहि, जदयू सँ स्वास्थ्य मंत्री निशांत, भारती मेहता, शिवरानी देवी प्रजापति आ ललन प्रसाद जखनकि, लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास सँ अशरफ अंसारी के जीत भेटल। ललन प्रसाद पूर्वमुख्यमंत्री नीतीश कुमारक त्यागपत्रक बाद रिक्त सीट लेल उम्मीदवार छलाह। महागठबंधनक दिस सँ एक सीट पर राजदक सुनील कुमार सिंह विजयी भेलाह।

---

राजस्व आ भूमि सुधार विभाग राजस्व महाभियानक अंतर्गत प्राप्त अवेदनक निष्पादन लेल आइ सँ सभ अंचल मे विशेष अभियानक शुभारंभ कयलक अछि। ई अभियान सत्रह जून धरि चलत।

---

संस्कृति मंत्रालय वर्ष दू हजार चौबीस आ दू हजार पच्चीस लेल संगीत नाटक अकादमी फेलोशीप, अकादमीरत्न, संगीत नाटक अकादमी पुरस्कार आ उस्ताद बिस्मिल्लाह खान, युवा पुरस्कारक घोषण कयलक अछि। प्रदेशक पांच कलाकार के अकादमीक विभिन्न पुरस्कार सँ सम्मानित कयल जायत। वरिष्ठ अभिनेता सुरेश कुमार हज्जू मैथिली नाटकक प्रसिद्ध निदेशक शिवनारायण झा उर्फ कुणाल आ लोक कलाकार महेन्द्र राम के रसनचौकी लेल राष्ट्रीय कला पुरस्कार लेल चयन कयल गेल अछि। संग–संग युवा रंगकर्मी रोहित चंद्रा आ लोक गायिका मनीषा श्रीवास्तव के युवा पुरस्कार तथा उस्ताद बिस्मिल्लाह खान पुरस्कार देल जायत।

————————————————————

पटनाक मिथिला भवन मे आइ सँ महाकवि यात्री : सृजनक विविध आयाम विषय पर केन्द्रित दू दिवसीय मैथिली संगोष्ठीक आयोजन शुरू भेल। साहित्य अकादमी आ चेतना समितिक संयुक्त तत्वावधान मे आयोजित एहि संगोष्ठी मे आइ नागार्जुन उर्फ यात्री जीक बहुआयामी साहित्यिक योगदान पर चर्चा भेल। एम्हर, दरभंगा मे विद्यापति सेवा संस्थान सेहो महाकवि यात्री जीक एक सय पंद्रहम जयंतीक आयोजन कयलक।

————————————————————

बिहार मे मॉनसून आबि गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार दक्षिण–पश्चिम मॉनसून किशनगंज, अररिया, सुपौल, पूर्णियां, कटिहार आ मधुबनी जिला मे पहुंचि चुकल अछि। मौसम विभाग कहलक अछि जे अगिला दू–तीन दिन मे संपूर्ण बिहार मे मॉनसूनक बरखा शुरू भऽ जायत। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे बरखा हेबाक संभावना बनल अछि। एहि क्रम मे पूर्वी चंपारण, पश्चिमी चंपारण आ गोपालगंज जिला मे बहुत भारी बरखा हेबाक चेतावनी देल गेल अछि। संगहि, अररिया, दरभंगा, किशनगंज, पूर्णियां आ सहरसा समेत चौदह जिला मे भारी बरखाक अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

————————————————————

आर्थिक अपराध इकाईक टीम हाजीपुर  नगर परिषदक लेखापाल मनीष कुमारक दू ठेकाना पर छापामारी कयलक अछि। प्राप्त जनतबक अनुसार हुनक हाजीपुरक बागमली स्थित आवास आ नगर परिषद कार्यालय परिसर स्थित सरकारी आवास पर छापामारी कऽ लाखो

टाका मूल्यक आभूषण, आलीशान घर आ संपत्तिक कागजातक संग वाहन बरामद कयलक अछि।

———————————————————————————

मैथिलीक चर्चित साहित्यकार शरदिन्दु शेखर चौधरीक आइ पुण्यतिथि छनि। एहि अवसर पर मैथिलीक साहित्यकार लोकनि हुनका अपन श्रद्धांजलि देलनि।

———————————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति इंटरमीडिएटक शैक्षणिक सत्र–दू हजार छब्बीस–अट्ठाईस मे नामांकन लेल तेसर चयन सूची जारी कऽ देलक अछि। एहि सूची मे सम्मिलत छात्र –छात्रा लोकनि चौदह जून धरि संबंधित विद्यालय मे नामांकन लऽ सकताह।

———————————————————————————

समाप्त